



## Enspeksyon Resi Taks pou Biznis (BTR)



Avan ke yo bay yon resi taks, biznis ou a dwe resevwa yon enspeksyon sou Konfòmite Sistèm Sekirite pa yon Espesyalis Sekirite kont Ensandi nan Konte Palm Beach. Rezon enspeksyon sa se pou asire konfòmite ak kondisyon Kòd Prevansyon Ensandi. Sa ki pi enpòtan, enspeksyon a ede pou pwoteje biznis ou, amplwaye ou, kliyan ou, ak pwopriyete ou. De plis, biznis ou pral sijè a Enspeksyon sou Konfòmite Sistèm Sekirite detanzantan pa yon Espesyalis Sou Sekirite Kont Ensandi; ki enspekte menm atik ak yon enspeksyon BTR.

Enspeksyon an konsiste a yon evalyasyon sou tout bagay ki gen rapò ak "Sekirite Lavi" kòmansé sou sistèm kont ensandi rive sou chemen evakyasyon, sistèm elektrik ak plis lòt bagay.

Menm si tout pa ladan li, domèn sa yo se domèn ke yo jwen pi souvan kòm enfraksyon pandan enspeksyon yo:

1. Tout ekipman ak aparèy ki make anba yo dwe an règ ak yon Tès Laboratwa ki rekonèt Nasyonalman, ki vle di, UL, FM...
2. Ekstenktè dife obligatwa nan tout biznis. Dimansyon ak kote ekstenktè a ye pral depann de kote danje a ye. Nan pifò ka, gwosè minimòm nan se 2A:10BC. Yo dwe aksesib (pa bloke oswa pa kache) pou tout anplwaye ak kliyan, e oblije bay fè enspeksyon yo chak ane pa yon konpani ekstenktè endepandan. Pèsonèl yo oblije antrene sou kòman pou itilize ekstenktè a nòmalman.
3. Siy pou Sòti ak Limyè Ijans dwe mache 24/7. Aparèy sa yo bay yon pwen vizib si tout fwa pa ta gen kouran, ki yon bagay trè komen nan Florid a kòz move tan. Aparèy sa yo dwe enspekte e teste chak mwa. Chèf Ponpye a ka mande dokiman enspeksyon sa yo kòm prèv konfòmite. Tout mwayen evakyasyon pa dwe bloke.
4. Depo materyèl danjere "HAZMAT" dwe idantifye a lavans pa Depatman Ponpye a. Lè yo bay yon rapò sou sekirite "SDS" (e ki fòmèlman rekonèt kom papye MSDS) sa ka pèmet idantifye kote materyèl sa yo ye e planifye a lavans sou repons ensidan e ogmante sekirite pèsonèl k ap reponn a ensidan an. Règ sa obligatwa.
5. Pa bloke aksè pòs pou rale alam ensandi a oswa bloke vi kote ki make pou alam ensandi a. Aparèy sa yo dwe toujou aksesib e vizib.
6. Li obligatwa pou genyen sistèm awozwa dife pou pwoteje pwopriyete e mwayen evakyasyon ki disponib. Nan ankenn moman, anyen pa dwe kroke sou tèt yon awozwa dife oswa tiyo. Sa entèdi pa kòd prevansyon ensandi.
7. Fil ekstansyon kouran dwe itilize sèlman tanporèman e pa plis ke 90 jou. Aparèy kay tankou frijidè ak fou mikwo ond pa janm dwe konekte nan fil ekstansyon- aparèy sa yo dwe konekte dirèkteman nan yon priz. Fil ekstansyon pa janm dwe pase andedan yon mi, plafon oswa atè.





## Enspeksyon Resi Taks pou Biznis (BTR)

8. Apa kelke eksepsyon, flanm dife ki ouvè pa otorize. Pandan ou ka toujou gen bouji, si ou nan yon biwo nan yon biznis, yo pa gen pèmasyon pou rete limen. Bouji elektrik ka yon altènativ akseptab.

9. Aparèy chofaj ka otorize depandan de tip biznis la, men fò yo ka etenn otomatikman nan ka yo ta ranvèse.

10. Pwotektè sichaj kouran ak miltipriz yo efikas lè ou pa gen anpil priz nan biwo ou men gen directiv ki dwe swiv tankou:

- Ploge aparèy sa yo direkteman nan yon priz
- Pa ploge yo youn nan lòt
- Tout miltipriz oblije idantifye pou itilizasyon pa yon laboratwa ki rekonèt nasyonalman.



Ploge dirèkteman nan yon priz elektrik




Ploge dirèkteman nan yon priz elektrik



Pa ploge fil elektrik youn nan lòt

Sichaj kouran



Kab ekstansyon dwe pou itilizasyon tanporè  
SÈLMAN e PA DWE itilize kòm kab pèmanan